दिन—मंगलवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक—16.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे राज्य सरकार आम लोक सभक समस्या के समयबद्ध समाधानक लेल प्रतिबद्ध अछि। मुख्यमंत्री आइ कैमूर जिलाक भगवानपुर प्रखंड स्थित पहणिया पंचायत मे आयोजित सहयोग शिविर मे भाग लेलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे पछिला एक मास मे सहयोग शिविरक माध्यम सँ तीन लाख तीन हजार छओ सय अठहत्तरि प्राप्त भेल आवेदन मे सँ दू लाख एकसठि हजार छओ सय अठारह आवेदन निष्पादित कयल जा चुकल अछि जे कुल प्राप्त आवेदनक नब्बे प्रतिशत अछि। ओ कहलनि जे सहयोग शिविरक माध्यम सँ लोक सभक शिकायत के त्वरित निष्पादन सुनिश्चित कयल जा रहल अछि आ निर्धारित अवधि मे कार्रवाई नहि भेला पर संबंधित अधिकारी लोकनिक विरूद्ध कड़गर डेग उठाओल जायत। एहि सँ पहिने ओ मां मुंडेश्वरी मंदिर मे पूजा—अर्चना कऽ राज्यक सुख—समृद्धि के कामना कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री लगभग एक सय छियानवे करोड़ टाकाक लागति सँ साठि विकास योजना सभक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। ओ कहलनि जे माँ मुंडेश्वरी धाम मे रोप—वे निर्माणक दिशा मे शीघ्रहि पहल कयल जायत। संगहि मंदिर परिसरक विकास आ वाराणसी—कोलकाता एक्सप्रेस—वे के माँ मुंडेश्वरी धाम सँ जोड़बाक लेल सेहो आवश्यक डेग उठाओल जायत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे सेवा, सुशासन आ गरीब कल्याणक बारह वर्ष पूरा भेला पर आइ सँ प्रदेशक सभ पांच सय चौंतीस प्रखंड मे प्रखंड सहयोग—सह—जन कल्याण शिविर आयोजित कयल जा रहल अछि। अठारह जून धरि चलऽबला एहि शिविर मे केंद्र आ राज्य सरकारक विभिन्न योजना सँ संबंधित आवेदन, पंजीकरण, सत्यापन, ई—केवाईसी आ लाभ वितरणक सुविधा एकहि ठाम उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। शिविर सभ मे हेल्प डेस्क, प्रशिक्षित स्वयंसेवकक सहायता आ स्वास्थ्य जांच शिविरक सेहो व्यवस्था कयल गेल अछि, जाहि सँ लोक सभ के आवश्यक मार्गदर्शन आ सेवा सुगमता सँ भेटि सकय। एम्हर, सुपौल जिलाक निर्मली प्रखंड स्थित बेला सिंगार मोती पंचायत मे जिलाधिकारी सावन कुमार

आ पुलिस अधीक्षक शरथ आर.एस. सहयोग शिविरक दरमियान पात्र लाभार्थी लोकनिक मध्य जॉब कार्डक वितरण कयलनि।

———————————————————————————

पूर्व मध्य रेल सत्रह जून के होबऽबला मद्य निषेध सिपाही भर्ती परीक्षा के लऽकऽ पाटलिपुत्र आ पटना जंक्शन सहित विभिन्न स्टेशन सँ तीस परीक्षा स्पेशल ट्रेनक परिचालन करत। एडीजी रेल डॉक्टर कमल किशोर सिंह जनौलनि जे परीक्षा मे लगभग साढ़े पांच लाख अभ्यर्थी लोकनिक सम्मिलित हेबाक संभावना अछि। जकरा देखैत आइ आ काल्हि विभिन्न रूट पर विशेष ट्रेन सभक परिचालन कयल जायत। पाटलिपुत्र जंक्शन आ पटना जंक्शन सँ अररिया, नवगछिया, भभुआ रोड, गया, बक्सर, राजगीर आ झाझा सहित विभिन्न गंतव्यक लेल विशेष ट्रेन चलाओल जायत।

———————————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए जनौलक अछि जे आगिला नीट यूजी पुनर्परीक्षाक लेल पछिला चौबीस घंटा मे दस लाख सँ बेसी उम्मीदवार अपन प्रवेश पत्र डाउनलोड कऽ लेलनि अछि। पुनर्परीक्षा एक्कैस जून के होयत। एहि मध्य, पारदर्शिता आनबाक आ पेपर लीक के आशंका के समाप्त करबाक लेल सरकार बाईस जून धरि टेलीग्राम एप्लिकेशन पर ऑनलाइन संदेश पठेबा पर रोक लगा देलक अछि। एनटीए कहलक अछि जे ई प्रतिबंध नीट पुनर्परीक्षाक दिन आ ओकर तुरंत बाद धरि लागू रहत। एजेंसी कहलक जे टेलीग्राम के तीस तारीख धरि पहिने सँ पोस्ट कयल गेल संदेश के संपादित करबाक सुविधा के सेहो बंद करबाक निर्देश देल गेल अछि।

———————————————————————————

केंद्रीय गृह सचिव गोविंद मोहन नीट यूजी पुनर्परीक्षा सँ पहिने सुरक्षा आ तैयारीक समीक्षाक लेल एक उच्च स्तरीय बैसक कयलनि। ओ विद्यार्थी लोकनिक सुविधा, सुरक्षा व्यवस्था आ परीक्षा प्रक्रियाक निष्पक्षता पर विशेष ध्यान दैत एहि पुनर्परीक्षाक लेल राज्य सरकार द्वारा कयल गेल तैयारी सभक समीक्षा कयलनि। गृह सचिव सभ राज्य सरकार आ केंद्र शासित प्रदेश तथा केंद्रीय एजेंसी सभ के सुरक्षा प्रोटोकॉलक पालन करबाक निर्देश

देलनि। श्री मोहन राज्य आ केंद्र शासित प्रदेश सभ सँ विद्यार्थी लोकनिक लेल सुगम यात्रा सुनिश्चित करबाक अपील कयलनि।

———————————————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय आइ केंद्र आ राज्य सभ सँ एक याचिका पर जवाब मांगलक अछि। एहि याचिका मे आरोप लगाओल गेल अछि जे भारतीय विशिष्ट पहचान प्राधिकरण द्वारा जारी आधार कार्डक दुरुपयोग नागरिकता, निवास स्थान आ आवासीय पता के प्रमाणक रूप मे कयल जा रहल अछि। याचिका मे ई निर्देश देबाक मांग कयल गेल अछि जे एकर उपयोग मात्र पहचान सत्यापन धरि सीमित राखल जाय। मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांत आ न्यायमूर्ति वी. मोहनाक पीठ केंद्र आ सभ राज्य तथा केंद्र शासित प्रदेश सभ के नोटिस जारी कयलक अछि।

———————————————————————————————

मौसम विभाग गोपालगंज, पश्चिम चंपारण, औरंगाबाद, गया, जहानाबाद आ अरवल जिलाक किछु भाग मे अगिला दू सँ तीन घंटा मे मध्यम वर्षा आ ठनका के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि दरमियान चालीस सँ पचास किलोमीटर के गति सँ हवा चलबाक सेहो संभावना अछि।

———————————————————————————————

पश्चिम चम्पारण जिलाक बेतिया के अंचल कार्यालय मे पदस्थापित क्लर्क राज कुमार मिश्रा के निगरानी विभागक टीम पंद्रह हजार टाकाक घूस लैत रंगे हाथ गिरफ्तार कयलक अछि। निगरानी डीएसपी श्यामबाबू प्रसाद जनौलनि जे गिरफ्तार क्लर्क शिकायतकर्ता सँ जमीनक जमाबंदी अनलॉक करबाक एवज मे रिश्वतक मांग कयने छल, जेकरा सत्यापनक बाद ई कार्रवाई कयल गेल।

———————————————————————————————

समाप्त भेल